




Ndax
xam
nga
ko
?

Ndax mës ngaa jàng téere bi gëna siiw ci àddina, di Biibal bi ? Moo nettali démb, tey ak ëllëgu doom Aadama. Boo ko bëggee jàng ci njalbéen ga ba njeexte la, 70 waxtu lay laaj. Waaye téere su tuut sii moom dafay ténk nettali bu doy waar bi ci Biibal bi te mën nga ko jàng ci benn waxtu rekk.



*« Tànnal samay njàngale mu gënal la xaaalis,
te xam-xam gënal la wurus, buy ngalam sax;
ndaxte xel moo gën fuuf ay per,
moo ëpp maanaa lépp ak lu loola jafe jafe. »*

— Ki la Sàkk a ko wax (Léebu ya 8:10-11)

YOUR STORY (TON HISTOIRE) traduit en **Wolof**

SA COSAAN@2010 ROCK International – www.one-god-one-message.com – www.yoonunjub.com

Ndax xam nga sa cosaan bu baax ?

1. Nan la say waajur tudd ? (2 lañu)
2. Say maam nag, nan lañu tudd ? (4 lañu)
3. Say maamaat nag ñoom, nan lañu tudd ? (8 lañu)
4. Soo delloo ba ci fukkeelu maam ya, ndax dinga xam nan lañu tudd ? (512 lañuy doon !)

Su ñu la mayoon sax wurusu àddina sépp, ndax dina tax nga mën a wax sa turi maam ba ca fukkeelu maas ga ? Yaakaruma ko de ! Lu ko waral ? Ndaxte xabaar yooyu jëm ci sa maamaat yooyu bindeesu ko.

Seetal nag weneen wàll wi gëna yàgg ci sa cosaan, di wàll wi ëpp solo wurus ak xalisu àddina sépp.

Sa maam yu jëkk ya. Loo ci xam ?



Su amul woon benn nettali bu ñu bind ci seen cosaan, kon doo mëna xam fa nga soqikoo. Kon doo xam lu tax nga nekk fii. Waaye sant bu wér ndax mbind mu mel noonu am na.

Ndax xam nga lu ñu ci bind ?

Nettali bi



Téere bi ñuy tudde Biibal bu Sell bi*, yemul rekk ci nekk téere bi ñu gëna tekki ci àddina, waaye itam dafa nekk mbind mi gëna aaru ci téere yu jëkk yaa jëkk. Bibal bi di wax ne mooy Kàddug Yàlla, ñaari xaaj la :


1. Kóllère gu jëkk ga (Tawreet, Sabóor, ańs.) – *Mébétu Yàlla*
2. Kóllère gu bees gi (Linjiil, ańs.) – *Mébétu Yàlla gi ñu matal*

Nan lees mēna xame ne mbind yooyu ñoo di waxu Yàlla dëgg ?

Mēnees na ko xam ndax firnde yi ci nekk amul ci beneen téere. Ci misaal :

- **Lépp a déggoo.** Mbind mu Sell mi ñi ko bind nekk nañu ay yonent yu bare ci diirub 1500 at, te loolu terewul, mu doon xabaar bu amul juuyoo. Loolu nag Bindkat buy dund te jamono tēnku ko rekk a ko mēnoona sol ci xeli ña yoroon xalima ya di bind.
- **Nettali bi.** Benn doom Aadama mēnul woon xalaat nettali bu doye nii waar. Xaaj yépp dañu lēkkaloo bu ci nekk ak moroom ma. Téere bi dafay tontu ci laaj yu mag yi ñuy laaj sunu bopp, di maye yaakaar tey soppi ay dund.
- **Ay tééméeri tééméeri waxi yonent yu am.** Yàlla rekk moo di ki mēna feeñal liy xew ëllëg laata loola di agsi.

* Baatu *Biibal* mu ngi jóge ci baatu gereg bi di *Biblia* te di tekki *téere* walla *kàgg*.



Sa cosaan a nga tàmbalee ca Yàlla. Nit ñi mën nañoo am ay xalaat yu bare ci lu jëm ci sa cosaanu maamaat, waaye téereb *Njàlbéen gi* mooy nettalib Ki fekkewoon lépp ca ndoorte la.


« *Ca njàlbéen ga, Yàlla sàkkoon na asamaan ak suuf.* » (Njàlbéen gi 1.1, Tawreet)

Ndax Yàlla am na ? Càkkéefam gi moo di tontu tont lu leer ci laab bile :

« *Moo wékk suuf ci jaww ji.* » (yonent Yàlla Ayóoba 26.7)

« *Jaww ji dafay biral jëfi loxoom.* » (yonent Yàlla Dawuda, Sabóor 19.2)


Ndegam nu ngiy wax waxi loxo, xoolal say yos. Ana ban liggéeykat bu xareñ moo mēnoon a sàkk jumtukaay yu ni mel bu dul Moom ? Te lu nu mēna wax xel mi mēna sàkk benn « cellule » buy dund ak ay milyoni céram yu am njariñ ? Kan moo mēna ràbb ay pàcc yu bët mēnta gis mu am guddaayu ñaari meetar di ay milyaari caabi yi nekk ci saw yaram ?



« *Aji Sax ji ... yaw la ... yaw mi ma ràbb ci sama biiru ndey. Maa ngi lay sant ci li nga ma def may mbindéef mu kéemaane !* » (Sabóor 139.1,13-14)

Ki la sàkk

Kan mooy **Yàlla?** Moo di xalaatkat bi te di Sàkk-kat bu sax, bi sàkk àddina. Amul fu mu tàmbalee ak fu mu yem. Moo di « *Baayu xel yi* » (Yawut ya 12.9) moo sàkk malaaka yi ak sa maam yu jëkk ya, fi ci kaw suuf ngir ñu xam ko, bëgg ko, di ko jaamu ak di ko liggéeyal ba faww. Yàlla **KENN LA**, wànte mën na fu nekk mu teew fa. Turam mooy Aji Sax ji, ki mënna lépp boppam. Su fekkee sax nag soxlawul dara, dafa bëgg ñu xam ko, bëgg ko. Mooy *Aji Kàttan ji* ki nga xam ne, ci *Kàddoom* ak *Xelam*, la jaare amal àddina.



« *Ca njàlbéen ga **Yàlla** sàkk na asamaan ak suuf. Suuf nag da ne muluñ, ne wéyën, lëndëm gi muur déndu ndox yi te **Xelum Yàlla** yiir ndox mi, mel ni picc muy dayaarlu. Noonu **Yàlla ne**: Na leer gi nekk, leer gi daldi am. Yàlla gis ne, leer gi lu baax la, mu xàjjale leer gi ak lëndëm gi* » (Njàlbéen ga 1.1-4)

Bés ba jëkk, bi Yàlla di sàkk àddina, ndamu Yàlla moo leeraloon foofa. « **Yàlla Leer la ... te genn lëndëm nekkul ci moom. Su nu waxee ne, bokk nanu ci moom, tey dox ci lëndëm gi, danuy fen ci sunuy wax ak sunuy jëf.** » (1 Yowaana 1.5-6) Ki la Sàkk, ku mat la. Amul kenn ku mēna dëkk ci teewaayam lu moy mbindéef yu mat.

« **Dafa sell, Aji Sax ji, sunu Yàlla !** » (Sabóor 99.9)

Ci juróom-benni fan la Yàlla miy leer sàkk jaww ji, suuf si, weer wi, biddéew yi, jën yi, picc yi, gunóor yi ak bàyyima yi. Ndaw àddina su kéemaane ! Su fekkoon ne saytu nañu ko ni mu warewoon, suuf si du ñàkk mukk yëf yu neex. Kon dina doon nekk dëkkuwaay bi gën ci doom Aadama yi.

« *Noonu Yàlla ne : Nanu bind nit ci sunu melokaan ak ci sunu* misaal, mu yilif...suuf sépp... Yàlla sàkk nit ci melokaanam; **ci melokaanu Yàlla** la ko sàkk, mu sàkk leen góor ak jigéen.* » (Njàlbéeen ga 1.26-27)

Nit dees ko sàkk mu wuuteek bàyyima ngir mu fésal melokaanu Ki ko sàkk. Yàlla dafa ko may ruu guy sax ba faww, xel mu ñaw, ay yëg-yëg yu xóot, te it may na ko mu mëna tànn mbir yiy sax dàkk. Yàlla bëggul woona am ay masin. Dafa bëggoon say maam, Aadama ak Awa, suuxat seen diggante ñoom ñaar waaye itam seen diggante ak Yàlla. Loolu it la bëgg ci yaw.

« **Yàlla Aji mbëggeel la.** » (1 Yowaana 4.8)

* Su fekkee ne Yàlla kenn la, lu tax mu ne : « *NANU bind nit ci SUNU melokaan ak ci SUNU misaal* » ? Li tax mooy ni mu nekke kenn moo kéemaane. Ci Mbind mu sell mi, baatu yawut bi ñu jëfëndikoo ngir wax 'Yàlla' moo di *Éloyim*, mu di aw tur ci bareel, te baat bi ñu jëfëndikoo ngir 'benn' di *echad*, muy tekki lu nekk benn te def ay wàll. Lu jiitu Yàlla di sàkk malaaka yi ak nit ñi, fekk na Yàlla amoon mbégte ci diggante bu mu amoon ak boppam, ak Kàddoom, ak Xelam mu Sell mi. « *Yàlla ku màgg la, waaye tële nanu ci xam màggaayam ...* » (yonent Yàlla Ayóoba 36.26)

Yoonu bàkkaar ak dee


Ca ndoorte la, Yàlla ak nit ay xarit lañu woon. Wànte Yàlla daldi leen nattu ci seen xaritoo googu ngir may Aadama ak Awa pexem xóotal seen diggante ak Ki leen sàkk, ci ñu wóolu ko te déggal ko. Kon laata sax muy sàkk Awa, Aji Sax ji tegoon na Aadama ci tool bu mucc ayib, ak mbir yu neex lool ci gis ak ci dégg, ay bàyyima yu amul fenn ak garabi meññeef yu Aadama mēna jēfēndikoo – ba mu des benn.

*« Yàlla Aji Sax ji sant Aadama ne ko: Mēn ngaa lekk ci bépp garabu tool, waaye bul lekk ci garabu xam lu baax ak lu bon, **ndaxte bés boo ci lekkee, keroog fàww nga dee.** »* (Njàlbéen ga 2.16-17)

Luy xew su ñàkkee dégg benn ndigalu Yàlla bi mu ko joxoon kepp ?

Ndax Yàlla dafa waxoon Aadama ne bu lekkee ci doomu garab gi dafa wara ñaan/julli, woor, sàkk sarax/génne asaka, teewe ay ndajey diine, def jēf yu baax, ak ñoom seen ngir far jēf yu bon yi te yaakaar a jot yērmande Yàlla ? Ndax loolu la ko Yàlla wax ? **Déedéet !**

Yàlla dafa wax Aadama ne ko **BÀKKAAR** dees koy daan ak **DEE**. Biibal bi dafay tudde loolu « *yoonu bàkkaar ak dee.* » (Room 8.2)



Yoon boobu, di bi Yàlla jëkk a teg, lu am solo la nga xam ko, ngir gëna mëna xam sa cosaan – démb, tey ak liy ñëw.

Bàkkaar (jàdd yoonu Yàlla) dafay indi ag tàqalikoo gu ëmb ñetti pàcc :

1. **Deewu baatin** – mooy tàqalikook xelum nit ak Yàlla.
2. **Deewu yaram** – mooy tàqalikook ruu ak yaram wi.
3. **Dee ba abadan** – mooy nit tàqalikook Yàlla ba fàww dem « *safara su dul fey, si ñu sàkkal Seytaane ak ay malaakaam.* » (Macë 25.41)

Ni dee mel mënees na ko misaal ak caru garab. Boo daggee caru garab, mën na niru luy dund ba tey, waaye ci dëgg dafa « dee » ndaxte tàqalikoo na ak la ko doon dundal.

Yàlla àrtuwoon na Adama ne ko **bàkkaar** dafa koy **tàqale** ak Ki ko sàkk, di Ki koy dundal. Yàlla ju mat te sell, du sofental bàkkaar.



Tànn bi

Gannaaw ba mu sàkke jigéen ju taaru ci faaru Aadama jébbal ko ko, muy soxnaam, « *Yàlla dafa gis lépp li mu def, fekk lépp a **baax lool** ... Góor ak jabaram, ñoom ñaar ñépp, yaramu neen lañu defoon, te **amuñu ci kersa**.* » (Njálbéen gi 1.31; 2.25) Xalaatal ci àddina bu mat, ñaari way-dencante yu mat dëkk ci, ñuy màgg ci diggante bu neex ak Ki leen sàkk te Moom it di ku mat sèkk. Noonu la woon ca ndoorte la.

Ana lan moo xewoon ba loolu yàqu ?

Benn bés, bi Aadama ak Awa nekkee ci wetu garab gi ñu leen aaye woon, Seytaane* dafa leen feeñu ci bindu jaan. *Mu ne Awa : « **Ndax Yàlla wax na bu wóor ne** : Buleen lekk ci genn garab ci tool bi ?* Seytaane dafa bëggoona xel-ñaarlo Awa ci lu jëm ci li Yàlla wax ba tax mu ne ko : « **Mukk ! Dungeen dee** ; waaye Yàlla xam na ne, bés bu ngeen ci lekkee, seeni bët dinañu ubbiku, te dingeen mel ni Yàlla, xam lu baax ak lu bon. » (Njálbéen gi 3.1,4-5)

Seetlul fii ne Seytaane dafa jaxase njuumte ak dëgg. Am na léebu araab bu naan : « Moytuleen ! Am na fenkat yuy wax dëgg ! » Seytaane, naxekat bu mag bi, fenoon na bi mu naan : « **Mukk ! Dungeen dee** » te waxoon na dëgg ci li mu ne : « *dingeen xam lu baax ak lu bon.* » Waaye waxul dara ci lu jëm ci mbir yu bon ya wara topp ci def bàkkaar.

* Seytaane (liy tekki *noon*) bu jëkk, malaaka la woon, ñu dàq ko asamaan gannaaw ba mu jéemee jaamulu boppam yeneen malaaka ya, teg fale Yàlla. Malaaka ya toppoon Seytaane cig fippoom ñoom lañuy tudde *rab yu bon yi*.

Booba nag waxtuw tànn *ki nga bégga topp* jotoon na ci Aadama ak Awa.

Topp waxu **Yàlla** ?

...walla waxu **Seytaane** ?

Waaye ndeysaan ñu tànn topp waxu Seytaane, ñu daldi lekk ca doomu garab, ga ñu leen terewoon.

*« Seeni bët daldi ubbiku, ñu xam ne, def nañu yaramu neen.
Ñu daldi ràbb xobi garabu figg, laxas ko ci seen ndigg.*


Gannaaw loolu ñu dégg tànk Yàlla Aji Sax, jiy doxantu ca tool ba, bi ker gi seddee, ñuy fexee nèbbu Yàlla ca biir garabi tool ba.

Waaye Yàlla Aji Sax ji woo Aadama ne ko : **Ana nga** ?

*Mu tontu : Dégg naa say tànk ci tool bi, te **ragal** naa, ndax damaa def yaramu neen, ma daldi **nèbbu**.* » (Njàlbéen gi 3.7-10)

Lu waral rus ak ragal ?

Dañu bàkkaaroon. Xaritoo gu neex ga nekkoon seen digganteek Ki leen sàkk, nekkatul.



Yàlla ju Sell

Bala Aadama ak Awa di bàkkaar, matug Yàlla ak ndamam moo leen wëroon. Nū ngi **nekkoon ci jàmm** ci biir teewaayu Yàlla bu ànd ak ndam, moom mi doon ñëw ca tool ba di jokkoo ak ñoom. Waaye ba ñu déggadilee Yàlla, dañu daldi **ñàkk jàmm** ci teewaayu Yàlla, te du rekk ndax seen yaramu neen ci wàllu saayir, waaye tamit ndax seen yaramu neen ci wàllu baatin.

Bala ñuy moy, Aadama ak Awa **Yàlla** rekk a leen soxaloon, donte sax ñu defoon yaramu neen, « *amuñu ci kersa.* » (Njálbéen gi 2.25) Waaye léegi, **seen bopp** a leen soxal te ñu yëg seen ñàkka sell fa kanam Yàlla. Noonu, ñu daldi **matadi**.

Ñoom bëggatuñu woon nekk ci teewaayu Yàlla bu sell bi. Ni ay mbóot di dawe, di nëbbatu leeru làmp, Aadama ak Awa itam « *lëndëm gi lañu taamu ndax seeni jëf yu bon.* » (Yowaana 3.19)

Yàlla ku ñàkk sikk la, te mat te sell mënul dékku bàkkaar. Aadama ak Awa xamoon nañu ko. Yaw nag ndax xam nga ko ? Ci Yàlla bàkkaar dafa xasaw ni méddum mbaam xuux mel ci yaw, su nekkoon ci sa biir kër. Looloo tax Mbind mu sell mi ne :

« *Aji Sax ji Boroom Kaaraange yi dafa*

sell,

sell,

sell ! » (yonent Yàlla Esayi 6.3)

Ay bàkkaar kat yu ñàkk doole

Bi nga xamee ne sunu maam yooyu bàkkaar nañu, dañu daldi mel ni bàñqaasu garab bu ñu dagg. Nū *tàqalikoo* ak Yàlla, fa seen Dund Soqikoo. Ni bàñqaas bu ñu dagg, *yaramu Aadama ak Awa tàmbaliwoon di dee*. Su leen Yàlla wallusiwul woon, ñu ngi jàkkaarloowoon ak *tàqalikoo ba faww ak Yàlla ca « déegu*

safara sa » (Peeñu ba 20.14-15). Foofa la ruu yi bàkkaar wara nekk ba faww, te amuñu jenn yaakaaru génn fa.

Aadama ak Awa doonoon nañu ay bàkkaar kat te mēnuñu woon saafara seen jafe-jafe boobu. Waaye duwoon loolu rekk.



Ndegam Aadama moo doon kilifag képp ku soqikoo ci moom, bàkkaaram dafay laal askanam wépp.

Ni xob wu nekk ci caru garab wi ñu dagg di ame jafe-jafe, noonu itam la nit ku nekk ku bokk ci njabootu Aadama di ame jafe-jafe. Nun ñépp ay bàkkaar kat lanu te dinanu dee nun ñépp.

« ...*bàkkaar ci kenn nit la jaar, dugg ci àddina, indaale fi dee, te dee daldi law ci nit ñépp, ndaxte ñépp a bàkkaar.* » (Room 5.12)

Bàkkaar la de, du kaanseer, du xiif, du yëngu-yënguy suuf, du xare, du bomb bi gëna bon te mēna yàq lu bare ci àddina. Musiba mi gëna bon mooy **bàkkaar**.

Toroxte gi ak pexe mi

Bàkkaar moo fi indi **toroxte**. Sunu maam yu jëkk ya ak seeni sët ñoo wara jànkonte kon ak ay coono ak ay metit, ay dég, xiif, wopp, màggat ak dee.

Ñu bare ci nun dem nanu ba tàmm metit yooyu tegoo ko, mu mel ni lu jaadu ci dund gi. Waaye ndax lu jaadu la jigéen di wasin boole ci metit wu tar ?

... ci garabu ‘rose’ ak ni mu taaroo ak ni mu xeeñe muy ànd ak i dég ?

... ci nit, ki ñu sàkk ci melokaanu Yàlla mu dee ñu war ko àtte ?

Mbir yooyu gënuñu jaadu ci àddina sii ni céri yaram yu ànd ak feebaru kaanseer ci nit ku wér.



Xabaar bu neex bi moo di, ca ndoorte la, Ki nu sàkk amoon pexem wallusi nu. Bés bi bàkkaar tàbbee ci doom Aadama yàq ko, la Yàlla won Aadama ak Awa as lëf ci pexeem. Ci jamonoom, Yàlla dina fi yónnee ab **Musalkat**, *mu soqikoo ci askanu jigéen* (Njàlbéen gi 3.15), mu indi pexe mi Aadama ak Awa ak seeni sët mënoona ame wall ci Seytaane, ci bàkkaar, ci dee ak safara.

Xettalikat boobu dees na ko xame ci **Almasi bi**, *Ki Yàlla tànn*.

Gannaaw gi, ci yërmandeem ak njubteem, Yàlla def lenn lu ràññee ku ngir ñi doon sooga fippu ba déggadil ko.

« *Yàlla Aji Sax ji defaral Aadama ak jabaram ay yérey der, solal leen ko.* »

(Njàlbéen gi 3.21)

Aadama ak Awa jéemoon nañu nëbb seen bàkkaar ak seen gacce ak ay xobi garab. Waaye Yàlla nanguwul woon seen pexey bopp ya ñu doon def ngir neex ko. Li Mu def moo di rendi ay bàyyima te jël der ya wodde ko Aadama ak Awa.

Ndeysaan, bàyyima yu deful dara ñoo dee ndax bàkkaar Aadama ak Awa. Foofu la Yàlla di misaale pexeem ngir wallusi bàkkaarkat yi ci yoonu bàkkaar ak dee.

Deret ja tuuru, moo doon misaal li waroona am ngir sellal nit ci **bàkkaaram**.

Der ya di misaal li waroona am ngir muur **gacceg nit** fa kanam Yàlla.

La ko dale booba, am xar walla meneen mala mu ñu nangu lees waroon di rey muy wuutu ab diir bàkkaarkat bi, ba bés bi Yàlla di indi kuutlaay gu sax gi.

Yàlla joxewoon na **sarax bu jëkk bi** ngir bàkkaar.

Te it, Moom mooy kiy joxe **sarax bu mujj bi** ngir bàkkaar.

Jikkoy bàkkaar

Gannaaw bi mu wonee yiw woowu, Yàlla dàq Aadama ak Awa toolu àjjana bu bakkane boobu nekk ci àddina si ñu alag ndax bàkkaar. Seen bàkkaar a leen tàqale ak Yàlla. Sunu waajur yu jëkk ya amoon nañu jafe-jafe bu réy. Nun itam.

Ab diir gannaaw ga, Awa jur taawam bu góor, di Kayin.

Gannaaw gi rakkam Abel juddu.

Ñaari gone yu góor yi donne ci seeni waajur jikkoy bàkkaar. Ni ko léebu yiy waxe :

- « *Janax du jur lu dul luy gas.* » te :
- « *Musiba du yem ci boppu boroom.* »

Bi Kayin ak Abel nekkee ay xaleelu góor, ñu bégga jaamu Yàlla mi leen sàkk. Waaye ngir ñu mëna jokkoo ak Yàlla dafa laajoon ñu defe ko, ni ko Yàlla ci boppam tërale. « ... *su deret tuuruwul* (dee am) *mbaalug bàkkaar du am* (ngir boru bàkkaar). » (Yawut yi 9.22)

Kayin moom di fexee jege Yàlla **ci pexem boppam**. Mu jébbal Yàlla saraxu lujum yu mu beyoon. Kayin dafa meloon ni niti tey, yiy fexee yeyoo njéggalu Yàlla jaare ko ci seeni jëfi diine ak jëf yu baax, te baña xam ne bàkkaar, dee rekk a koy fey, du jëfi nit. Yàlla nanguwul saraxu Kayin. Abel nag moom, dafa jegewoon Yàlla jaare ci ngëm, **mu dëppoo ak na ko Yàlla bégge**.

Xalaatal Abel mu teg loxoom ci boppu mbote mu tooñul deful dara, te di gërëm Boroom bi ci li nga xame ne, su fekkee sax moom yelloowoon na dee, tàqalikoo ak Yàlla ba fàww, Yàlla dina nangu mbote mi wuutu ko. Mbote mu amul benn bàkkaar, moo naroon a dee ci palaasu Abel.

Abel xamoon na ne **bàkkaar dee rekk a koy fey**. Moo tax, « *Aji Sax ji nangul Abel te nangulul Kayin saraxam.* » (Njàlbéen gi 4.4-5)

Su fekkee sax Kayin jegewul woon Yàlla na mu ware, terewul Yàlla bëgg ko ba tey, di ko xiir ci mu réccu, maanaam, *mu soppi xalaatinam* te nangu yoon wi Yàlla tëral ngir mëna am njéggalam ak it njubte gi. Waaye Kayin dafa bañoona tuur deretu mbote ngir bàkkaaram. Mer jàpp ko ak réy, mu rey Abel daldi dummóoyu Yàlla.

Ni ko Mbind mi waxe, Aadama ak Awa amaat « *doom yu góor ak yu jigéen.* » (Njàlbéen gi 5.4) Am ci ñoom ñoo xam ne, tannoos nañu wóolu Yàlla te di ko déggal, waaye ña ëpp ca ñoom topp yoonu Kayin.



Ngëm ak pexem Yàlla

Fukki maas gannaaw Aadama, Yàlla def ab taxaw-seetlu ci sunu njaboot, mu nekk lu tiis ci xol : « *xëntewuñu lu dul lu bon.* » (Njälbéen gi 6.5) Yàlla muñal leen, waaye lu bon di yokku rekk, Mu mujj ko àtte jaare ci mbënnum ndox mu daj àddina, te bawul ku dul sunu maam Nóoyin ak njabootam, ñoom ña gëmoon Yàlla ak pexeem ma. Yàlla aaroon na tamit ñaari peer ci xeetu bàyyima bu nekk ak juróom-ñaari peer ci bàyyima ya ñu daan defe saraxu bàkkaar. Noonu lan la Nóoyin jëkkoona def ba ndox ma feree ? « *Nóoyin ...defar rendikaayu sarax ngir màggal Aji Sax ji. Mu jël ci bépp rab wu sell ak bépp picc mu sell, jébbal leen Yàlla ca rendikaay ba, muy sarax su ñuy lakk.* » (Njälbéen gi 8.20)

Li lépp mënoona tàmbaliwaat, terewul nit ña mujja wonaat gannaaw Ki leen sàkk. Fukki maas gannaaw Nóoyin, Yàlla woo Ibraayima mu génng kër baayam ak diineem, te wóolu Yàlla rekk. Mbind mi ne na : « *Ibraayima gëm na Yàlla, te Yàlla jàppe ngëmam ni njub, ba ñu koy woowe xaritu Yàlla.* » (Saak 2.23 ; Njälbéen gi 15.6) Lu tax Yàlla jàppe Ibraayima ni ku jub ? Ndaxte Ibraayima **dafa gëm Boroom bi ak waxam.**

Yàlla digoon na Ibraayima ne : « *Dinaa la def askan wu réy, te dinaa la barkeel ...te njabooti àddina yépp dinañu barkeelu ci yaw.* » (Njälbéen gi 12.2-3)

Yàlla def na li mu digewoon. Xeet woowo tax nu jot ci yonent yi, Mbind mi ak Almasi bi.

Waxu yonent Yàlla Ibraayima

Bi Ibraayima demee ba màggat lool, Yàlla sant ko lu jafee def. Mu ne ko mu dem ci benn tund, samp fa rendikaayu sarax te saraxe fa doomam ! Ibraayima déggal ko ndaxte xamoon na ne Yàlla ku jub la te baax, te mënees na ko wóolu.

Ñetti fan gannaaw ga, baay beek doom ji ànd di dem, doomu Ibraayima laaj baayam laaj bu am solo : « ... **ana mbote mi nuy saraxal? Ibraayima tontu ko ne : Sama doom, Yàlla dina indi moom ci boppam mbote mi ngir sarax si.** » (Njàlbéen gi 22.7-8)

Mën na am mas ngaa dégg nettali bi. Yàlla daldi jox Ibraayima kuuyum xar mi ñu wara rendi « ... **ci palaasu doomam. Ibraayima tudde béréb ba Yahvé-Jiré [Aji Sax ji dina ko indi]. Moo tax ñuy wax ba tey jii : Ca tundu Aji Sax ji dina ko indi.** » (Njàlbéen gi 22.13-14)



Bi muy wax « **dina ko indi** » te waxul « **indi na ko** », Ibraayimaa ngi doon yégle lu jiitu bés bi Almasi bi, « **Mbotem Yàlla mi** », waree tuur deretu boppam ni sarax bu mujj bi ngir bàkkaar yi, ne du ngir feyal kenn rekk, waaye ngir nekk pey gu mat sèkk ngir népp. Noonu, « **képp ku ko gëm am dund gu dul jeex te doo sàнку mukk.** » (Yowaana 1.29 ; 3.16)

Fukki ndigal yi

Yàlla sàmm na waxam bi mu digee Ibraayima ne dina def askanam « *xheet wu réya-réy* », du cib lim rekk, waaye ci maanaa. Yàlla dafa bëggoona jëfandikoo woowu xheet ngir won ñeneen ñi mooy kan te nan la mëna terale bàkkaarkat yi.

Ca jamonoy Musaa, Yàlla joxewoon na fukki ndigal (Gàddaay gi 20), te ne woon :


« *Dees na móolu képp ku matalul wax yépp yi nekk ci yoon wi ...* » (5 Téere Musaa 27.26)

Bàkkaar dafay dox diggante nit ak Yàlla. Boroom bi, Moom mi sell, sellaa y rekk la waxal, dégg ndigal bu wér.

« *Ndaxte ku sàmm yoon wépp, waaye xétt ci **lenn** ndigal rekk, jàdd nga yoon **wépp**.* » (Saag 2.10)

Ak loo mëna baax, mënoo jot mat, gi Yàlla di laaj ci yaw. Ni seetu di wonee tilim te du ko mëna dindi, noonu la yoon wi di feeñale bàkkaar bi ci sa xol, waaye mënu ko dindi. Fukki ndigal yi dafa nuy xamal ne, ay **bàkkaarkat yu tële** lanu ci fajal sunu bopp sunub jafe-jafe.

Fàww ab **musalkat** am.



Ndegam askan wa wépp a moyoon ay sàrtam, Yàlla sant Musaa mu defar « *benn rendikaayu sarax, rendi fa [ay] sarax.* » (Gàddaay gi 20.24) Amul woon lu dul pexem sarax, moo mēnoona far peyug bàkkaar giy dee. **Bàyyima bu sikkul rekk lees mēnoona saraxe Yàlla jaare ca daan bàkkaar te du daan bàkkaarkat bi.** Nit ki dafa waroona tànn li di nag, béy, xar walla picc mu feebarul làggiwul. Bu tegee loxoom ci boppu mala mi, loolu dafa doon wone ngēmam ci ni Yàlla tërale ni ñuy jote njubte ak yërmande. Yàlla day def, bàkkaari nit ki toxu, dem ci mala mi, ñu daldi ko rendi ci saa si, mu dee ci palaasu nit ka.



« *Ndaxte dundu bépp mbindeef mu ngi nekk ci deretam. Jox naa leen ko ci lakkukaayu sarax ba, ngir nekk liy jéggale ngir seeni ruu, ndaxte foofu la deret di jéggale.* » (Giiru Léwi 17.11)

Baatu **jéggale** bi ñu fi jëfandikoo mu ngiy tekki *muuraay*. Kon deretu mala mu sikkul mēnoon na muur bàkkaar, waaye mēnu ko dindi. « *...Ndaxte deretu yëkk yi ak ju sikket yi mēnuñoo dindi bàkkaar yi.* » (Yawut yi 10.4) Bàyyima kenn sàkku ko ci melokaanu Yàlla. « *Mbote* » mu mat (Esayi 53.7), mi Yàlla digewoon rekk moo mēnoona musal nit ci bàkkaar ba fàww.

Yeneen waxi yonent

Gannaaw jamonoy yonent Yàlla Musaa, Yàlla tannoos na yeneen yonent yu bare, sol leen Xelam ngir ñu yégle yeneen mbir yu am solo te jëm ci ñëwu Almasi biy nara musal « *xheetam ci seeni bàkkaar.* » (Macë 1.21) As lëf ci yégle yooyoo ngi nii :

« *Janq bi dina ëmb, jur doom ju góor, ñu tudde ko Emanuwel.* » (Emanuwel a ngi tekki « *Yàlla ganesi na nu.* ») - Esayi 7.14 (700 at lu jiitu Yeesu Kirist)

« *Céy yaw, Betleyem ... ci yaw laay génnee ki ... cosaanoo ca jamono yu yàgg ya, ba dara nekkagul.* » - Mise 5.1 (700 at lu jiitu Y. K.)

« *Seen Yàlla ... dina ñëw moom ci boppam, musal leen. Noonu bëti gumba yi dinañu ubbiku, noppi ñi tëx di dégg ; booba làggi dina tëb ni kéwél, te làmmiñu ku luu wax ak mbég.* » - Esayi 35.4-6 (700 at lu jiitu Y. K.)

« *Bënn nañu samay loxo ak samay tànk.* » - Sabóor 22.17 (1000 at lu jiitu Y. K.)

« *... mel ni mbote mu ñuy yóbbu ca rendikaay ba ... moona sunuy bàkkaar a ko taxa gaañu, mu ne làcc ndax sunuy ñaawteef...* » - Esayi 53.7,5 (700 at lu jiitu. Y. K.)

Gannaaw ay junniy ati waajal, jamono ja Yàlla tannoos agsi ngir mu yónni Almasem ci kaw suuf. Waaye ana kooku moo di kan ? Te naka lay ñéwe ? Xanaa ni ko yonent ya yégleewoon, mu ngiy juddoo cib janq bu askanoo ci Ibraayima ak buur ba Dawuda. Musalkat bi, dees ko waroona jure noo xam ne du donn jikkoy bàkkaarkat, bi ci Aadama. Mu wara soqikoo ci jigéen rekk.

« ... Yàlla yónni na malaakaam Jibril ca dëkku Nasaret ca diiwaanu Galile. Mu yebal ko ca janq bu ñu may waa ju bokk ci askanu Daawuda te ñu koy wax Yuusufa, waaye àndaguñu. Janq baa ngi tudd Maryaama ... »

*Malaaka ma dikk ca moom, ne ko: Jàmm ngaam, yaw mi Boroom bi defal aw yiw; mu ngi ak yaw. ... Dinga ëmb, jur doom ju góor. Nanga ko tudde **Yeesu**. Ku màgg lay nekki, te dinañu ko wooye **Doomu Aji Kawe ji**.*

Maryaama laaj malaaka ma, ne ko: Naka la loolu mana ame? Man de, janq laa ba tey.

*Malaaka ma tontu ko ne: **Xel mu Sell mi** dina wàcc ci yaw, te **Aji Kawe ji** dina la yiir ci kàttanam. Moo tax xale biy juddu dinañu ko wooye **Ku sell ki, Doomu Yàlla ji ... ndaxte dara tëwul Yàlla**. » (Linjilu Luug* 1.26-37)*

* Ci ñaareelu xaaju Téereem (Kóllère gu Bees gi), Yàlla dafa jëfandikoo Macë, Mark, Luug ak Yowaana ñu bind nettalib Yeesu Almasi bi. Jenn Yàlla jiy dëgg moom la neex mu biral dëggam gi, jaare ko ci seede yu bare.

Doomu Yàlla

Turu Almasi bi moo doon *Yeesu*, liy tekki *Aji Sax ji moo di mucc*. Te nan lees ko daan woowe ? Seetlul li malaaka Jibril waxoon Maryaama : « *Moo tax xale biy juddu dinañu ko wooye Ku sell ki, **Doomu Yàlla ji.** »*

Yàlla dafa bëgg xeet yépp ci àddina si gëm ne Yeesu Doomam la. Wante, ñu bare dañu baña nangu loolu. Ndaxte dañu foog ne tur wi di « *Doomu Yàlla* » dafay tekki ne Yàlla dafa takk soxna am ca doom. Mukk ! Du loolu la Biibal bi di jàngale de !

Ci atum 1984, ku siiw te bokk réewum Senegaal dafa faatu ci aksidaan oto.* Këri yénekaay yiy bind, tagg jullit boobu, ci li mu doonoon « doomu Senegaal bu mag ». Ndax loolu dafa doon tekki ne Senegaal dafa takk jabar ba jur ca doom ? Déedéet ! Waa Senegaal yi amuñu benn jafe-jafe ci woowe noonu kenn ci ñoom ku ñu nawoon. Xamoon nañu bu baax lan mooy « doomu Senegaal », te it xamoon nañu lu mu tekkiwul.

Noonu it, bi Yàlla woowe Almasi bi « *Doomam* » danu wara xam li mu tekki ak li mu tekkiwul. Warunu ñàkkal faayda tur yi ak waxin, yi Yàlla Aji Kàttan ji yëkkati.

* *Le Soleil*, le 14 mars 1984 : « Ndiouga Kebe ... Bienfaiteur sincère, il considérait ses 2 000 employés comme ses enfants et partageait leurs problèmes, leur soucis et leurs joies. Le 'Vieux' comme l'appelaient familièrement et tendrement son personnel, était un grand fils du Sénégal. »



Ci Mbind mi, am na ci lu ëpp 300 tur yu ñu jagle Almasi bi. Bu ci nekk am na lu muy wone ciy meloom ak li ko taxa dikk fii. Ci misaal, tur wi di « *Doomu Yàlla* » dafay fésal ni mu nekke buur bi jóge asamaan. Waaye dees koy tudde itam « *Doomu nit ki* », tur woowu dafay fésal ag suufeeloom, moom ki tànn juddu ci biir nit ñu am jikkoy bàkkaarkat.

« *Ndaxte noonu la **Doomu nit ki** ñëwe sax, du ngir ñu nekk ay surgaam, waaye ngir muy seen surga, ba joxe bakkanam ngir njotug ñu bare. ... Genn mbëggeel mënula weesu joxe sa bakkan ngir say xarit.* » (Mark 10.45; Yowaana 15.13)

Niki *Doomu Yàlla*, dafa mel ni Yàlla mel, waaye niki *Doomu nit ki*, dafa mel ni nit mel. Almasi bi mooy « *benn Rammukat kepp diggante Yàlla ak nit ñi.* » (1 Timote 2.5) Yeesu Kirist rekk mooy ku jube ni ko Yàlla bëgge te noonu mën na faj soxla doom Aadama bi jot yërmande Yàlla.

Naka ñi foog ne Yàlla yelloowul def boppam doom Aadama dañu ñàkka dégg kuy Yàlla ak pexem Yàlla. Ki la sàkk, moom mi xalaatul woon ci kawem ba mu daan doxantu ak a waxtaan ak Aadama ak Awa, moo tànnal boppam dëkksi ak sunu maam yu daanuwoon yooya ci bàkkaar ngir mën leena wallu (nun itam) ci nootaangeg Seytaane, gu bàkkaar ak gu dee. « *Yàlla Aji mbëggeel la.* » (1 Yowaana 4.8)


Musalkat bi

Yonent yi dañu yéglewoon ne Almasi dina juddoo Betleyem, waaye Maryaama moom ma ngay dëkk Nasaret. Loolu du woon dara ci Yàlla. Ba waxtu wa jotee rekk, dafa daldi def ba buuru Room ba, dogal ne na ku dellu ca dëkk ba mu juddoo binduji fa ndax peyum limpo ya. Noonu, Maryaama ànd ak Yuusufa jëm bëj-gànnaru réew ma, ca Betleyem.

« Bi ñu nekkee Betleyem, waxtu wa mu waree mucc agsi. Mu taawloo doom ju góor, mu laxas ko ci ay laytaay, tëral ko ca lekkukaayu jur ga, ndaxte xajuñu woon ca dalukaay ba.

*Fekk booba amoon na ca gox ba ay sàmm yu daan fanaan ca tool ya, di wottu jur ga. Noonu benn malaakam Boroom bi feeñu leen, ndamu Boroom bi daldi leer, melax, wër leen. Tiitaange ju réy jàpp leen. Waaye malaaka mi ne leen: Buleen tiit, ndaxte **dama leen di xamal xebaar bu baax, buy indi mbég mu réy ci nit ñépp.** Tey jii ca dëkku Dawuda, **ab Musalkat juddul na leen fa, te mooy***


***Almasi bi, di Boroom bi !** ... Bi mu waxee loolu, yeneen malaaka yu bare yu jóge asamaan, ànd ak moom, di sant Yàlla naan : Nañu màggal Yàlla ca asamaan su kawe sa, te ci àddina, na jàmm ji wàcc ci nit, ñi mu nangu ndax yiwam ! »* (Luug 2.6-11,13-14)



Kan moo nekkoon doom jooju judduwoon ci lekkukaayu jur ga te malaaka ya yéglewoon ñëwam ?

Seetluwaatal la malaaka ma waxoon sàmm ya : « *Mooy Almasi bi, di **Boroom bi !*** »

« *Ca njàlbéen ga fekk na Kàddu gi nekk, te Kàddu gi mu nga woon ak Yàlla, te **Kàddu gi Yàlla la woon.** Moo di ki nekkoon ak Yàlla ca njàlbéen ga. Ci moom lañu sàkke lépp. Amul dara lu ñu sàkk lu jaarul ci moom. Ci moom la dund gi nekk, te dund googu mooy leeral nit ñi. Leer gi feeñ na ci biir lëndëm gi, te lëndëm gi jàppu ko... **Kàddu gi ñëw, doon nit, dëkk ci sunu biir.** Gis nañu ndamam, mu fees ak yiw ak dëgg, ndam li Baay bi jox jenn Doomam ji mu am kepp. » (Yowaana 1.1-5,14)*



Kenn kepp, ki juddu te amul baayu nit du keneen ku dul **Kàddu gi** ñu sàkke àddina wërngël-kepp. Mooy *ki soqikoo ci jigéen ja* te Yàlla digewoon ko bés ba bàkkaar duggee ci njabootu doom Aadama.

Mooy « ***Mbotem Yàlla, mi ñu nar a rey, ngir dindi bàkkaaru àddina.*** » (Yowaana 1.29)

Ay jëf yu kéemaane

Ni Seytaane fiirewoon Aadama, noonu la jémewoon itam daaneel Yeesu ci bàkkaar. Waaye Yeesu nangulul Seytaane. Boroom bi Yeesu, ci dundam gépp dafa topp fukki ndigal yépp ak beneen ndigalu Yàllaa bu mu mēnoona doon, biir ak biti nag. Moom sax « *jaar na ci nattu ni nun ci bépp fànn, waaye deful bàkkaar.* » (Yawut yi 4.15) Ndegam amul woon bàkkaar, yeyoowul woon dee. Moona, loolu nag tembe mooy li waral mu ñëw.



Bi Yeesu amee 30 at, ci la tàmbali woon tukki, di génn Nasaret ga mu dëkkoon, di jàngale, di woo nit ñi ñu topp ko, di dàq ay rab, di dekkal ay néew, di faj ay tēx ak a faj i gumba. Yeesu dafa doon def kéemaan yooyu ndax nit ñi xam ki mu doon te gëm ko.

Ana kan ku dul Yàlla moo mēna faj xiifu 5000 góor ci benn ańu guné gu góor gu ndaw ? Yeesu def na ko. Ana keneen ku dul Yàlla ku mēna dalal sàmbaraax ? Yeesu def na ko.

Xeetu jàngoro bu nekk Yeesu faj na ko. Jëfandikoowul woon ay garab walla xërëm. Kàddoom la ko doon defe. Ndegam mooy Kàddu gi ñu sàkke àddina, kon kay li ñu sàkk lépp war na koo mēna déggal ndax ci sañ-sañam lańu nekk. Waaye nag, li taxa jóg Almasi bi dëgg-dëgg du faj jafe-jafey yaram yu nit ñi, wànte defaraat seen diggante ak Yàlla.

« *Nū indil ko ku tēdd ci basañ, fekk yaramam wépp làggi.*

Bi Yeesu gisee seen ngēm, mu ne ku làggi ka: Na sa xel dal, sama waay, baal nañu la say bàkkaar.

Bi mu waxee loolu, ay xudbakat daldi ne ci seen biir: Nit kii mu ngi sosol Yàlla !

Waaye Yeesu xam seen xalaat, ne leen: Lu tax ngeen am xalaat yu bon ci seen xol? Ma wax ne: Baal nañu la say bàkkaar; walla ma ne: Jógal te dox; lan moo ci gēna yomb?

Waaye xamleen ne, Doomu nit ki am na ci àddina sañ sañu baale bàkkaar yi.

Ci kaw loolu Yeesu ne ku làggi ka: Jógal, jël sa basañ te nga ñibbi.

Noonu làggi ba daldi jóg, ñibbi. Ba mbooloo ma gisee loolu, ñu daldi ragal te màggal Yàlla ... » (Macë 9.2-8)

Amul kenn ku mēsa waxe ni Yeesu. Ci misaal, moom ne na : « ...*Maay yoon wi, dëgg gi ak dund gi. Kenn du ñēw ci Yàlla Baay bi te jaarul ci man.* » (Yowaana 14.6) Yeesu wuute na ak yeneen kilifa diine yiy wax : « Defleen lii ! Buleen def laa ! Toppleen sàrt yii ! Yoon wi ngeen wara topp a ngii ! » Yeesu rekk a mēnoona wax : « **Man maay yoon wi.** » Yeesu rekk a mēnoona wax : « **Man maay ndekkite li ak dund gi. Ku ma gēm dina dund su deewee sax** », ba noppi dekkal ku dee ba def ñeenti fan ci bàmmeel. (Yowaana 11.25)

Ay jëfam dañu doon dëggal ay waxam.

Leer gi

Yeesu wax na itam : « *Man maay leeru àddina si. Ku ma topp doo dox cig lëndëm waaye dinga am leeru dund.* » (Yowaana 8.12)

Yonent yi dañu meloon ni weer wi, di leroxat leeru Yàlla ci biir àddina su lëndëm si. Waaye Almasi bi moom ci Mbindi yonent yi dañu koy tudde «... *jantub njub ...*» ak «... *jant bu fenk.*» (Malasi 4.2; Luug 1.78) Yeesu mooy « *leeru àddina* », fa leer ci boppam soqikoo ak dund gi. Leer googa leeraloon àddina ca bés bu jëkk ba ñuy sàkk àddina mu ngi làquwoon ci Yeesu ! Almasi bi Yeesu ñëwoon na tasaare lëndëmu bàkkaar te delloo nu fa Yàlla.

Diir bu gàtt laata Yeesu di faatu, tànnoon na ñetti seede, di « *Piyeer, Saak ak Yowanna rakkam, yóbbu leen fu wéet ci tund wu kawé lool. Mu soppiku fa seen kanam, xar kanamam di melax nib jant, te ay yéreem weex ni leer ... niir wu leer muur leen, te baat jib ca niir wa naan :*

***Kii mooy sama Doom ji ma bëgg,
ci moom laa ame bânneex;
dégluleen ko !*** » (Macë 17.1-2,5)

Yeesu kese mooy ki xamoon tembe :
 kañ lay dee,
 fan lay deewe,
 naka lay deewe,
 te lu tax muy dee.

Bi waxtu wa jeege ngir Yeesu wara daj metit te dee ngir bàkkaari àddina (bàkkaar yu jëkk, yu teew ak yu agseegul), mu ne ay taalibeem :

« *Nu ngi dem Yérusalem,*

te li yonent yi bindoon lépp ci mbirum Doomu nit ki dina mat.

Dinañu ko jébbal ñi dul Yawut, ñu ñaawal ko, saaga ko, tifli ci kawam.

Gannaaw bu ñu ko dóoree ay yar ba noppi,

dinañu ko rey, waaye ca ñetteelu fan ba dina dekki. » (Luug 18.31-33)

Njiiti diine ya dañu bañoon Yeesu ndax li mu tegoon boppam « *Doomu Yàlla.* » (Yowaana 19.7) Noonu ñu kootoo ngir rey ko, te xamuñu ne ñu ngi doon amal la yonent ya yéglewoon, maanaam Almasi bi dees na ko « *bañ te nit ñi dëddu ko* » te it dina « ***mel ni mbote mu ñuy yóbbu ca rendikaay ba.*** » (Ésayi 53.3,7)

Sarax bu mujj bi

Noonu Boroom bi Yeesu nangu ñu jàpp ko, àtte ko, ñaawal ko, dóor ko ay yar, solal ko mbaxanam dég, futti ko, te daaj ko cib bant ca kaw tund woowa nga xam ne, ñaari junni at lu ko jiitu, yonent Yàlla Ibraayima yéglewoon na fa ne, « **Yàlla**

dina indi moom ci boppam mbote mi ngir sarax si. » (Njàlbéen gi 22.8)

Yàlla gantuwoon na doomu Ibraayima, wànte « *gàntulunú Doomam, waaye mu joxe ko, mu dee ngir nun.* » (Room 8.32)

Waxi yonent, ya Ibraayima waxoon, mat na. *Yàlla mayoon na waa àddina Mbote, kuutlaay gu mat sèkk.* Ci waxtu wa Yeesu doon tegoo coono ba nu yelloowoon, Yàlla muur àddina ak lëndëm. Yeesu gàddul na boppam sunu bàkkaar ak sunu gacce.

Boroom bi Yeesu, mi amul woon bàkkaar, gàddu na àtteb

Yàlla ci bàkkaar *ndax nu mucc ci yoonu bàkkaar ak dee.* Yeesu yenu na sunu safara ndax nu bañ ko yenu diirub laaxira. Laata muy

dog, Yeesu yuuxu woon na yuuxu ndam : « **Lépp mat na !** » (Yowaana 19.30)

Yeesu **feyoon na lépp** li àddina amoon ni boru bàkkaar ! Li ko dale keroog, beneen saraxu bàkkaar amatul njariñ te deesu ko sax nangu.

Xarum Ibraayima ma, kenn nit kese la deewaloon; Mbotem Yàlla mi moom, nit ñépp la deewal.




Yeesu deewoon na. N̄u jēle néewam ba ca bant ba, muur ko ak càngaay lu set, dugal ko ca bàmmeel ba. Doj wu réy wa n̄u ubewoon bàmmeel ba, n̄u tay ko ba mu dēgēr.

Léegi nag n̄etti fan jàll na.

Dibéer ca fajar, jigéen n̄u daan topp Yeesu ak takkute daldi dem ca bàmmeel ba. Ba n̄u àggee n̄u gis ne randal nānu doj wu réy wa te bàmmeel ba ne wéyén! Dara desu fa woon lu dul càngaay la.

Noonu benn malaaka feeñu leen naan : «*Buleen tiit. Xam naa ne, yeen a ngi wut Yeesu, ma n̄u daajoon ca bant ba, waaye **nekkatu fi, ndaxte dekki na, ni mu ko waxe woon.** N̄ewleen seet fi mu tēddoon, te ngeen dem bu gaaw, wax ay taalibeem ne, dekki na te jiiutuji na leen Galile; foofa ngeen koy gise. Lii laa leen doon wax.* » (Macë 28.5-7)

Bi jigéen n̄ay daw di waxi n̄eneen n̄a li xew, Yeesu taseek n̄oom. «*Jigéen n̄a jegesi, laxasu cay t̄ankam, di ko m̄aggal.* » (Macë 28.9)



Daan na dee

Yeesu def na lu kenn ci sunuy maam mënul woona def : dafa daan Seytaane, bàkkaar ak dee ! Yeesu wax na lu kenn ci yonent yi mënul woona wax : « *Bul ragal dara. Maay ki jëkk te maay mujj. **Maay Aji Kiy Dund.** Dee woon naa, waaye maa ngii di dund ba faww, yor caabiy dee ak ju barsàq.* » (Peeñu bi 1.17-18) Li Yeesu daan dee moo tax ñi ko gëm amuñu dara lu ñuy ragal, ci dund gii ak gi di ñëw.

Gannaaw ndekkiteem, Yeesu feeñu na ay taalibeem lu mat 40 fan. Mu doon leen dimbali ngir ñu gëna dégg Mbind mi, di leen won ne yonent yi (Ibraayima, Musaa, Daawuda, aans.) yéglewoon nañu ne Almasi bi dafa waroona dee te dekki. Yeesu dig leen itam ne dina leen yónnee Xelam mu sell mi ngir mu dëkk ci ñoom, soppo leen ba ñu mel ni moom te may leen dooley yégle xabaar bu baax bi ci xeet yépp. Népp ñi *réccu* (dañuy am ag soppiku ci xalaatin ak ci jubluwaay) te *gëm* Mbote mu mat mi deewoon ci seen palaas ba daan dee, ñooñu, dees na leen jéggal, àtte leen jub, te ñu am diggante ak Yalla.

Gannaaw ba 40 fan ya jàllee, taalibe Yeesu ya jàkkaarlook moom muy yéeg ci niir yi jëm ca kër Baayam. Mu digoon leen nag ne dina dellusi ci mujug jamono ni àttekatu bépp mbindéef ci kaw suuf. Waaye loolu, beneen nettali la !



Cii ndoortel téere su tuut sii, laajoon nanu la ndax xam nga sa turi maamaati maam. Nga xam leen walla ñàkk leena xam, loolu barewul njariñ. Waaye am na tur wu Yàlla wax ne njarñam amul kem, tur wu mëna soppo sa dund tey ak èllëg ba faww. Tur woowu mooy **Yeesu**, liy tekki *Aji Sax ji moo di mucc*.

« **Yonent yépp** seedeel nañu ko ne, ku ko gëm, Yàlla dina la baal say bàkkaar **ci turam** (ci turu Yeesu Kirist)... *Mucc amul ci keneen, ndaxte ci ron asamaan **amul weneen tur**, wu ñu maye ci nit ñi, wu nu wara mucce.* » (Jëf ya 10.43; 4.10,12)

« *Maa ngi leen di bind yëf yii, yeen ñi gëm **туру Doomu Yàlla ji**, ngir ngeen **xam** ne, am ngeen dund gu dul jeex.* » (1 Yowaana 5.13)

Waawaaw, mën nga **xam** fan ngay nekk diirub laaxira.

Yàlla mi la sàkk dafa bëgg nga wóolu ko, bàyyi *cosaanam* soppo sa *cosaan*. Soo bàyyee wóolu sa jëfi bopp ak say gëm-gëm te nga wékk sa yaakaar ci Boroom bi Yeesu Kirist ak li mu la defal jaare ci deewam ak ndekkiteem, ba tax mu lay wax naan :

« *Ci dëgg dëgg maa ngi leen koy wax,
ku **dëgg** sama kàddu te **gëm** ki ma yónni,
am nga dund gu dul jeex te doo jaar ca àtte ba,
ndaxte **gënn nga ci dee, tàbbi ci dund.** » (Yowaana 5.24)*

Jafe-jafe nit

Bi Aadama ak Awa déggadilee Yàlla mi leen sàkk, dañu indiloon seen bopp jafe-jafe boo xam ne ñaari pàcc la : bàkkaar ak gàcce.

- Seen **bàkkaar** a leen xiiron ci nēbbu.
- Seen **gàcce** gaa taxoon ñuy nēbb seen yaramu neen.

Ci njubteem, Yàlla dafa bañoona nangu yérey xob ya Aadamaak soxnaam defaroon, waaye *ci yëmandeem*, Yàlla solal leen yérey deri mala ya mu leen sarxaloon.



Deretu mala ya moo doon misaal li waroona nekk ngir sellal leen ci *seen bàkkaar*, te der ya ñoo doon misaal li waroona am ngir muur *seen gàcce*.

Nun séddu nanu ci bàkkaaru sunu maam yooyu ak ci seen gàcce. Niy bàkkaarkat, jotunu njubteg Yàlla te mēnunu dund ci teewaayam bu sell. Danu soxla njéggalam ak matam.

Waaye naka ?

- Naka lees la mēna sellale ci bàkkaar bi la tàqaleek Yàlla Aji Sell ji ?
- Naka lees la mēna jàppe ni ku jub ba nga mēna dund ci teewaayam ba faww ?

Ci kaw bant ba, Yeesu sonn na fa ndax **sa bàkkaar** te it fa la tegoo **sa gacce**. Waaye ndegam amul woon bàkkaar, dee mēnu ko woon tēye ca biir bàmmee ba. Jaare ko ci deewam ak ndekkiteem, léegi dafa la bēgga sellal te solal la, weccee **say bàkkaar** ak **njubteem**. Wante danga wara gēm li Yàlla bind. Ndax gēm nga ko ?


« *Ana kan moo **gēm** sunu xabaar ? ... Sunuy bàkkaar a tax mu gaañu ... Nun ñépp a réeroon ni ay xar, ku nekk aw sa yoonu bopp, te **Aji Sax ji yen ko sunuy njubadi, nun ñépp**. ... Sama ruu mu ngi bég ci sama Yàlla ; Ndaxte sàng na ma yérey mucc, **ràng ma màntób njub**... » (Esayi 53.1,5-6; 61.10)*

« *Ci moom ngeen jaare, ba mucc, bu ngeen téyee bu dēgër njàngale mi, ni ma leen ko yégale. ... Kirist dee na ngir dindi sunuy bàkkaar, **ni ko Mbindmi tërale, suul nañu ko, mu dekki ca ñetteelu fan ba, ni ko Mbind mi tërale**. » (1 Korent 15.2-4)*



- Loo xalaat ci Yeesu ?
- Loo xalaat ci dundam, ci deewam, ak ci ndekkiteem ?
- Nan la *cosaanam* laale *sa cosaan* ?





Am na ci jukkiy Biibal bi, yi nu jële ci tekki bi *Tëreb Injil* © 1987, 2004 Les Assemblées
Evangéliques du Sénégal (B.P. 370 Saint Louis) et la Mission Baptiste du Sénégal (B.P. 8408 Dakar).

Gracieuseté de:



www.rockintl.org

©2010 ROCK International • resources@rockintl.org
www.one-god-one-message.com

Auteur: PD Bramsen • Artiste: DC Bramsen
Traducteur: Malick Fall • www.yoonunjub.com
Yoonu Njub • BP 370 Saint Louis • Sénégal